

# Dwa ak Responsablite Pwogram Nan

Non Patisipan an: \_\_\_\_\_ No. ID WIC: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## KALIFIKASYON

- Li Patisipe nan Medicaid, TANF ou SNAP
- Li Gen Yon Kat VOD Valid.
- Gen Posiblite pou li Kalifye (Medicaid, TANF ou SNAP)
- Revni Kay la Avan Dediksyon nan Limit Revni WIC la

Dokiman nou itilize kòm prèv Revni: \_\_\_\_\_ Kantite Fwa:  Pa Semèn  Pa Kenzèn  Pa Mwa  
Kantite: \_\_\_\_\_  De Fwa Pa Mwa  Lòt

Dokiman nou itilize pou Idantifikasyon Pèsonèl: \_\_\_\_\_

Dokiman nou itilize kòm Prèv Rezidans: \_\_\_\_\_

## MWEN SÈTIFYE KE MWEN TE RESEVWA YON KAT EWIC (SI SA APLIKAB).

### MWEN PRAL:

1. Di moun k ap travay nan WIC yo si mwen p ap ka vini nan randevou mwen, avan mwen rate li.
2. Di moun k ap travay nan WIC yo si gen chanjman nan kalifikasyon mwen.
3. Pote Prèv Idantifikasyon mwen chak fwa mwen vin vini nan yon randevou klinik WIC.
4. Itilize kat eWIC la kòm sadwa. Mwen pral:
  - Kenbe li pwòp, pa mete li kote ki gen leman ak aparèy elektwonik, epi pa kite li kote li ka pran kontak dirèk ak limyè solèy la.
  - Pwoteje kat eWIC ak NIP mwen.
    - Fè atansyon pou mwen pa pataje kat eWIC ak NIP mwen ak moun. Yo papral ranplase asistans manje mwen si nenpòt moun mwen bay kat eWIC ak/oswa NIP mwen mal itilize kat eWIC mwen an.
  - Di moun k ap travay nan WIC yo si yo te vòlè kat eWIC mwen an oswa si li te pèdi.
5. Achte sèlman manje ki nan lis kous mwen. Yo entèdi ranplase manje, pran tikè pou achte manje aprè oswa pran nòt rekonesans dèt.
6. Montre Dezyèm Paran oswa lòt moun mwen otorize pou itilize kat la fason pou itilize kat eWIC la byen. Mwen responsab pou nenpòt sa yo fè.
7. Di moun k ap travay nan WIC la nenpòt plent oswa pwoblèm mwen gen ak magazen an.

### RÈG WIC YO

Mwen kapab oblije remèt pri manje WIC mwen te resevwa yo, oswa yo kapab retire mwen nan WIC ak/oswa mennen mwen nan lajistis si mwen:

1. Bay manti.
2. Eseye, oswa patisipe nan plis pase yon pwogram WIC an menm tan.
3. Eseye, oswa resevwa asistans WIC sou yon lòt non.
4. Mwen enskri yon timoun pa nan swen legal mwen.
5. Mwen pa kenbe randevou sètifikasyon mwen.
6. Eseye, oswa remèt oswa chanje nenpòt nan manje ak / oswa fòmila WIC otorize.
7. Eseye, oswa vann oswa fè kado kat eWIC mwen oswa nenpòt asistans WIC (manje, fòmila, ponp pou tire lèt nan tete). Sa gen ladan ofri moun pa bouch oswa afiche yon òf sou papye oswa sou entènèt.
8. Joure moun, menase moun, oswa batay ak moun nan biwo WIC la oswa magazen WIC yo.

### SONJE

1. N ap bezwen pran mezi, tankou pwa kò, wotè ak yon tès san pou emogloblin pou detèmine si yon moun kalifye pou WIC.
2. Mwen responsab pou aksyon Dezyèm Paran oswa lòt moun mwen otorize pou itilize kat la.
3. Asistans eWIC yo tankou lajan kach. Nou p ap ranplase asistans yo deja itilize.
4. Ou kapab itilize asistans eWIC yo sèlman nan magazen ki gen otorizasyon WIC.

## OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON

Mwen konprann yo kapab pataje enfòmasyon mwen ak pwogram WIC la ki idantifye yon moun ak moun k ap travay nan WIC yo, Divizyon Sante Piblik la, oswa Ajan USDA yo. Epitou, yo kapab pataje li ak reprezantan Direktè Sante Piblik la ak lòt pwogram sante ak asistans piblik k ap sèvi patisipan WIC yo, tankou Rejis Iminizasyon Delaware a. Nou itilize enfòmasyon sa yo pou egzaminen si yon patisipan WIC kalifye pou pwogram sa yo ak pou pran kontak ak yo.

## POU PATAJE ENFÒMASYON SOU EVALYASYON RISK GWOSÈS DELAWARE

\_\_\_\_\_  
(Inisyal) (Dat) Mwen bay pwogram WIC la otorizasyon pou pataje enfòmasyon pou kontakte mwen ak Ekip Evalyasyon Risk Gwosès la.

\_\_\_\_\_  
(Inisyal) (Dat) Mwen pa bay pwogram WIC la otorizasyon pou pataje enfòmasyon pou kontakte mwen ak Ekip Evalyasyon Risk Gwosès la.

Yo te eksplike mwen Dwa ak Obligasyon mwen genyen nan Pwogram nan. Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay pou detèmine si mwen kalifye yo kòrèk, dapre tout konesans mwen. Fòm sètifikasyon sa a se pou moun k ap resevwa asistans Federal. Ajan pwogram nan kapab verifye enfòmasyon ki sou fòm sa a. Mwen konprann, si mwen ta fè eksprè mwen di yon bagay ki se manti oswa ki kapab twonpe moun, oswa mwen fè eksprè mwen mal reprezante, kache, oswa kenbe enfòmasyon, mwen kapab oblije peye Ajans Eta a valè asistans manje yo te bay mwen lè yo pa te sipoze a, ak lajan kach, epi yo kapab mennen mwen nan pwosè sivil oswa kriminel sou lwa nan nivo Eta oswa Federal. Mwen gen dwa konteste nenpòt desizyon ajans lokal la pran sou kalifikasyon mwen pou pwogram nan. M ap rele sit klinik la oswa Biwo Ajans Eta a nan 1-800-222-2189 si m pa dakò oswa gen kesyon sou nenpòt desizyon yo pran nan klinik la.

.....

An akò avèk lwa Federal sou dwa sivil epi règleman ak politik dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), USDA, Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ansanm ak enstitisyon k ap patisipe nan oswa k ap administre pwogram USDA yo entèdi pou yo fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, andikap, laj, eta sivil, sitiasyon famiyal/paran, revni ki sòti nan yon pwogram asistans piblik, kwayans politik, oubyen reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil ki te fèt, nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finanse (tout baz yo pa aplike pou tout pwogram yo). Rekou ak dat limit pou depoze plent yo varye selon pwogram nan oswa ensidan an.

Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (tankou, Bray, gwo karaktè, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye) ta dwe kontakte Ajans Eta a oswa Ajans lokal ki administre pwogram nan oubyen kontakte USDA atravè Sèvis Relè Telekomunikasyon nan 711 (vwa ak TTY). Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan ka disponib nan lòt lang apre anglè.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, AD-3027, ou ka jwenn li sou entènèt nan Kijan pou Depoze yon Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram nan epi nan nenpòt biwo USDA oubyen ekri yon lèt adrese bay USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm ou fin ranpli a oswa lèt la bay USDA pa: (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Mail Stop 9410, Washington, D.C. 20250-9410; (2) faks: (202) 690-7442; or (3) imèl: program.intake@usda.gov.

USDA se yon founisè, anplwayè ak kredite ki bay opòtinite egal.

### Depi mwen siyen, sa vle di mwen Konprann Règ Pwogram WIC yo

\_\_\_\_\_  
Patisipan/Paran ou Responsab Patisipan (ak lèt detache) Patisipan/Paran ou Responsab Patisipan an (siyen) Dat

\_\_\_\_\_  
Lòt moun ki gen otorizasyon pou itilize kat la (ak lèt detache) Lòt moun ki gen otorizasyon pou itilize kat la (siyen) Dat

\_\_\_\_\_  
Non anplwaye WIC la (ak lèt detache) Non anplwaye WIC la (siyen) Dat